

HAITIAN CREOLE EDITION  
U. S. HISTORY & GOVERNMENT  
THURSDAY, JANUARY 27, 2005  
1:15 to 4:15 p.m., only

The University of the State of New York  
**REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**

**ISTWA AK  
GOUVÈNMAN ETAZINI**

**Jedi**, 27 janvyè 2005 — 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

**Premye Pati** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

**Dezyèm Pati** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.**


## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon* (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 Kòm teren yo te fèt, epi sezon pou pyebwa grandi a te long, plantasyon nan trèz koloni yo te devlope nan
- (1) Nouvèl Angletè
  - (2) Rejyon Atlantik Mwayen an
  - (3) Sid la
  - (4) Vale Rivyè Mississippi siperyè a

Baze repons ou pou kesyon 2 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *U.S. History: Preparing for the Advanced Placement Examination*, AMSCO (adapte)

- 2 Ki tit ki ta ale pi byen ak kat sa a?
- (1) Dominasyon Britanik nan Amerik
  - (2) Wout pou Komès Kolonyal
  - (3) Koloni Espay nan Nouvo Monn lan
  - (4) Etazini an 1750

Baze repons ou pou kesyon 3 sou sitasyon pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Mwen voye yon defi bay moun [patizan] ki parèt pi deside pou defann rekonsilyasyon an, pou l montre yon sèl avantaj kontinan sa a kapab jwenn [genyen] si l ta konekte ak Angletè. M ap repete defi a: pa gen yon sèl avantaj nou ka jwenn [reyalize]. Mayi nou an pral fè pri nan nenpòt ki mache nan Ewòp, epi nou pral gen pou peye pou machandiz nou enpòte yo, kèlkeswa kote nou achte yo. . . .

— Thomas Paine, *Common Sense*, 1776

3 Sa oratè sa a sanble li pi vle konbat, se

- (1) mèkantilis
- (2) kapitalis
- (3) demokrasi dirèk
- (4) gouvènman reprezantatif

4 Youn nan pi gwo agiman pou endepandans Ameriken ki ekri nan Deklarasyon Endepandans lan, se agiman ki di Angle yo

- (1) te sispann patisipe nan komès esklav
- (2) te refize vann machandiz bay Ameriken yo
- (3) te anpeche Ameriken yo jwi dwa natirèl yo
- (4) te sansire reprezantan ameriken nan Palman yo

5 Preyanbil nan Konstitisyon Etazini a di kisa objektif gouvènman an ye, epi li baze sou konviksyon sa a:

- (1) se Eta yo ki gen otorite ki pi wo a
- (2) yo dwe nonmen manm nan Kongrè yo
- (3) yo dwe chwazi jij nan Kou Siprèm yo nan eleksyon
- (4) se pèp la ki souvren

Baze repons ou pou kesyon 6 ak 7 sou deklarasyon ki pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

*Oratè A:* Nou vle yon gouvènman nasyonal ki fò, pou mete lòd ak pou pwoteje dwa pèp la.

*Oratè B:* Nou vle yon gouvènman nasyonal ki fèb, pou l pa menase dwa pèp la ni pouvwa Eta yo.

*Oratè C:* Nou vle mete yon deklarasyon dwa sitwayen nan Konstitisyon an, pou pwoteje pèp la kont abi pouvwa.

*Oratè D:* Yon deklarasyon dwa sitwayen pa nesèsè paske Konstitisyon an limite pouvwa nouvo gouvènman an.

6 Yon sijè ki parèt nan tout deklarasyon sa yo, se kesyon

- (1) twòp pouvwa nan men Eta a
- (2) Òdonans sou Tè 1785 la
- (3) dwa moun genyen
- (4) kreyasyon Atik Konfederasyon yo

7 Deklarasyon sa yo reprezante dezakò ki genyen ant

- (1) Patriyòt ki pou endepandans yo ak Tori ki pou Angletè yo
- (2) lidè ki nan Nò ak lidè ki nan Wès yo
- (3) patizan Kongrè yo ak prezidan an
- (4) Federalis yo ak Antifederalis yo

8 Kouman prezidan George Washington te reyaji devan konfli ki te genyen an 1793 ant Lafrans ak Angletè a?

- (1) Li te sèvi ak opòtinite sa a pou koumanse lagè pou endepandans Ameriken an.
- (2) Li te deklare netralite Etazini.
- (3) Li te ede Franse yo paske yo te soutni Revolisyon Ameriken an.
- (4) Li te negosye yon akò pou lapè ant peyi ki tap goumen yo.

9 Moun ki ekri Konstitisyon Etazini a te mete nosyon federalis, sistèm pouvwa ekilibre, ak separasyon pouvwa nan dokiman an paske yo

- (1) te pè bay gouvènman an yon pouvwa san limit
- (2) te vle bay moun pòv avantaj sou moun rich
- (3) te vle bay Eta yo plis pouvwa
- (4) te vle elaji pwosesis demokratik la

10 Pouvwa revizyon jidisyè a pèmèt Kou Siprèm lan

- (1) anile amannman nan Konstitisyon an
- (2) deside si yon lwa tonbe dakò ak Konstitisyon an
- (3) rezoud pwoblèm nan kolèj elektoral la, lè de (2) kandida gen menm kantite vwa
- (4) kapab deside retire prezidan an oswa lòt gwo ofisyèl yo

11 Devlopman pati politik yo, ansanm ak sistèm komite ki sèvi nan Kongrè a montre aplikasyon

- (1) amannman konstitisyonèl yo
- (2) lejislasyon federal
- (3) konstitisyon ki pa ekri
- (4) desizyon Kou Siprèm

12 Yo te sèvi ak yon entèpretasyon apwoksimatif Konstitisyon an lè

- (1) George Washington te nonmen John Jay nan Kou Siprèm lan
- (2) John Adams te siyen Lwa sou Etranje ak Sedisyon an (*Alien and Sedition Acts*)
- (3) Thomas Jefferson te achte Teritwa Lwizyan lan
- (4) James Monroe te li mesaj sou Eta Inyon an


13 Youn nan rezon ki fè James Madison ak Thomas Jefferson te fè objeksyon kont politik finansyè Alexander Hamilton yo, se paske yo te kwè

- (1) Konstitisyon an pat pèmèt etabli yon bank nasyonal
- (2) yon politik lesefè pa ta nan enterè ekonomi peyi a
- (3) gouvènman an dwe ankouraje devlopman endistri
- (4) tarif ki wo yo te nesèsè pou pwoteje enterè ekonomik Etazini

- 14 Kòm rezilta politik prezidan Andrew Jackson yo, Endyen Ameriken Natif Natal yo te
- (1) transfere nan rezèv nan Meksik
  - (2) fòse deplase pou ale nan zòn ki nan wès Rivyè Mississippi a
  - (3) gen pèmisyon pou retounen pwogresivman nan tè zansèt yo
  - (4) resevwa nasyonalite ameriken
- 15 Konpromi Missouri a (1820), Konpromi 1850 lan, ak Lwa Kansas-Nebraska a (1854) se te efò pou
- (1) sispann goumen ant plantè midwès yo ak Endyen Ameriken Natif Natal yo
  - (2) ankouraje endistri fabrikasyon nan Wès la
  - (3) fè plis moun vote nan eleksyon prezidansyèl
  - (4) rezoud dispit ki te genyen sou kesyon gaye esklavaj nan teritwa wès yo
- 16 Sa ki te aboli enstitisyon esklavaj la fòmèlman nan Etazini, se te
- (1) Konpromi 1850 lan
  - (2) Pwoklamasyon Emansipasyon 1863 a
  - (3) kreyasyon Biwo Afranchi a (ajans liberasyon), an 1865
  - (4) ratifikasyon 13yèm amannman an, an 1865
- 17 Nan yon rezime, kilès nan tit prensipal sa yo ki ta genyen twa lòt yo ladan?
- (1) Kannal Erie
  - (2) Amelyorasyon Entèn 19yèm Syèk
  - (3) Ray Tren Transkontinantal
  - (4) Wout Nasyonal
- 18 Ki lidè ki te fonde yon enstiti fòmasyon pwofesyonèl nan fen ane 1800 yo, pou amelyore opòtinite ekonomik pou Ameriken Nwa yo?
- (1) George Washington Carver
  - (2) Frederick Douglass
  - (3) W. E. B. Du Bois
  - (4) Booker T. Washington
- 19 Kilès nan devlopman sa yo ki te mennen twa lòt yo, nan fen ane 1800 yo?
- (1) klas mwayenn lan te vin gen plis moun
  - (2) sistèm izin yo ki te vin pi gwo
  - (3) fòmasyon monopòl yo
  - (4) kreyasyon sendika yo
- 20 “Nouvo imigran” ki te vini Etazini ant 1890 ak 1915 yo te soti nan
- (1) Ewòp Disid ak Ewòp Delès
  - (2) Ewòp Dinò ak Ewòp Delwès
  - (3) Azi Delès
  - (4) Amerik Latin
- 21 Ni Lwa sou Komès ant Eta yo (*Interstate Commerce Act*), ni Lwa Sherman kont Monopòl yo (*Sherman Antitrust Act*)
- (1) te jwenn enspirasyon nan efikasite lwa yo te pran anvan nan Eta yo
  - (2) te konsevwa pou pwoteje biznis yo kont konpetisyon etranje
  - (3) se lwa Kou Siprèm lan te deklare kont Konstitisyon an, nan fen ane 1800 yo
  - (4) se lwa gouvènman federal te pase pou kontwole gwo biznis yo
- 22 Poukisa te vin gen plis enterè nan konstriksyon yon kannal ki travèse Amerik Santral la nan fen ane 1800 yo?
- (1) Etazini te vin gen koloni nan rejyon Pasifik la.
  - (2) Tarif te sispann sou machandiz chinwa ak japonè yo.
  - (3) Te vin gen plis imigran ki soti nan Ewòp Disid pase nan Ewòp Dinò.
  - (4) Ray tren transkontinantal yo pat ko fin bati.
- 23 Anpil nan kwasans ekonomik ane 1920 yo te baze sou
- (1) komès ak lòt peyi ki te vin pi plis
  - (2) pwodiksyon nouvo byen konsomasyon
  - (3) pri pwodwi agrikòl ki te monte
  - (4) devlopman rapid nan Wès la
- 24 Yo konnen Langston Hughes ak Duke Ellington, kòm moun ki te patisipe nan yon mouvman kiltirèl ane 1920 yo, ki te rele
- (1) Evanjil Richès
  - (2) Jenerasyon ki Pèdi
  - (3) Renesans Harlem
  - (4) Laj Dore

Baze repons ou pou kesyon 25 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

De (2) Deseni nan Pwodiksyon Otomobil



Sous: Gerald Danzer et al., *The Americans*, McDougal Littell (adapte)

25 Ki konklizyon ki kadre pi byen ak enfòmasyon ki nan grafik la?

- (1) Nivo pwodiksyon otomobil la rete menm jan.
- (2) Fanmi ameriken mwayen yo te wè pri yon otomobil twò wo pou yo te kapab achte l.
- (3) Vè ane 1929 la, se nan Etazini yo te fè pifò otomobil ki te genyen nan tout peyi yo.
- (4) Chanjman nan kondisyon ekonomik yo te mennen chanjman nan pwodiksyon otomobil yo.

26 Kòm Pwoyibisyon nasyonal la pat bay rannman, sa te fè piblik la kwè

- (1) kantite krim lan bese lè yo defann vann bwason ki gen alkòl
- (2) pwosperite ekonomik ankouraje konfòmite sosyal
- (3) li difisil pou aplike lwa ki pa popilè yo
- (4) kondisyon jeyografik yo gen konsekans sou aplikasyon lalwa

27 Youn nan konsekans dirab Nouvo Kontra a te pote, se fè moun kwè gouvènman an dwe

- (1) pwopriyete prensipal mwayen pou pwodwi machandiz ak sèvis yo
- (2) pèmèt fòs natirèl nan mache a etabli kondisyon ekonomik yo
- (3) kenbe yon bidjè federal ekilibre pandan peryòd ekonomik difisil yo
- (4) pran responsabite pou byennèt sitwayen yo


28 “. . . Pèp ameriken an bouke viv anba laperèz, ki fè moun pa kapab di sa yo kwè san moun ki pa dakò yo pa rele yo ‘Kominis’ oswa ‘Fasis’. Libète lapawòl pa menm jan li te konn ye nan Etazini. Gen moun ki tèlman fè abi avèk libète sa a, sa lakòz lòt moun pa kapab genyen l. Pèp ameriken an bouke wè moun ki inosan yo pote move non, epi moun ki koupab yo soti byen. Men gen ase ka ki pwouve deja pou sa fè moun pèdi konfyans nan tout peyi a, ak pou fè moun sispèk kapab gen yon bagay nan sa ki pa pwouve yo, ki se akizasyon sansasyonèl yo. . . .”

— Senatè Margaret Chase Smith, Sena Etazini, premye jen 1950

Lè Senatè Smith te di pawòl sa yo, li tap reyaji kont

- (1) Peril Jòn lan
- (2) Doktrin McCarthy a
- (3) Doktrin Eisenhower la
- (4) Pwogresis

Baze repons ou pou kesyon 29 ak 30 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *PM*, 15 me, 1941 (adapte)

**Apali papa! Nanpwen jou pou maladi sa yo antre sou mwen.**

- 29 Nan desen an, pifò nan “maladi” yo gen rapò ak
- (1) diktati militè pandan ane 1930 yo
  - (2) Pwisans Alye yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la
  - (3) peyi yo pa asepte kòm manm nan Nasyonzi apre Dezyèm Gè Mondyal la
  - (4) peyi nan blòk kominis la pandan Lagè Fwad la
- 30 Kisa ki di pi byen sa ki parèt nan desen an?
- (1) siyati Akò sou Atlantik la (*Atlantic Charter*)
  - (2) adopsyon Lwa Netralite 1935–1937 yo
  - (3) premye koze anba tonnèl Franklin D. Roosevelt la
  - (4) deklarasyon lagè kont Japon

31 Kilès nan desizyon prezidan Harry Truman nan politik zafè etranjè yo ki se yon egzant politik kont espansyon an?

- (1) transfè Jeneral MacArthur ki te kòmandan nan Kore
- (2) rekonèt Izrayèl tankou yon nouvo peyi
- (3) soutni jijman kriminèl lagè yo nan Almay ak Japon
- (4) bay Lagrès ak Tiki asistans militè

32 Anvan yo te ratifye 22yèm amannman an, nan ane 1951, pifò prezidan yo te fè plis pase de (2) manda poutèt

- (1) yon lwa federal
- (2) yon desizyon Kou Siprèm lan
- (3) klòz elastik la
- (4) abitud ak tradisyon

33 Ki prensip konstitisyonèl ki te aji nan jijman *Plessy* kont *Ferguson* ak *Brown* kont *Board of Education of Topeka*?

- (1) separasyon pouvwa
- (2) souvrennte popilè
- (3) pwoteksyon egal devan lalwa
- (4) separasyon legliz ak leta


34 “. . . Konpatriyòt yo ki nan tout peyi sou latè: pa mande kisa Etazini kapab fè pou ou, mande kisa nou kapab fè ansanm pou libète tout moun. . . .”

— John F. Kennedy, diskou inogirasyon, 1961

Pou aplike sa li te di nan deklarasyon sa a, prezidan Kennedy te soutni

- (1) kreyasyon Plan Marshall la
- (2) fòmasyon *Peace Corps*
- (3) lide pou retire militè ameriken ki te nan Kore yo
- (4) etablisman Òganizasyon Trete Azi Sidès la

Baze repons ou pou kesyon 35 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: J.S. Pugh, *Puck*, 5 septanm, 1900 (adapte)

35 Kilès nan kesyon politik etranjè pi ba la yo ki kesyon santral nan desen sa a?

- |                |                    |
|----------------|--------------------|
| (1) ansèkleman | (3) entènasyonalis |
| (2) enperyalis | (4) netralite      |

36 Lapolis antre kay yon moun san envitasyon ni manda, epi li sezi prèv ki pral sèvi kont moun lan.

Ki desizyon Kou Siprèm lan te deja pran, ki kapab sèvi pou montre tribinal pa gen dwa resevwa prèv sa a?

- (1) *Baker* kont *Carr*
- (2) *Gideon* kont *Wainwright*
- (3) *Mapp* kont *Ohio*
- (4) *Roe* kont *Wade*


37 Lagè Vyetnam lan te lakòz Kongrè a adopte Lwa sou Pouwa Fè Lagè a (*War Powers Act*) an 1973 pou

- (1) afimen sipò Etazini pou Nasyonzini
- (2) ranfòse politik detant lan
- (3) ogmante patisipasyon Etazini nan operasyon entènasyonal pou kenbe lapè yo
- (4) konfimen wòl Kongrè a nan desizyon voye sòlda nan peyi etranje

- 38 Ratifikasyon 26yèm amannman an, ki te bese laj moun vote pou rive 18 an, se te rezilta
- (1) patisipasyon Etazini nan Lagè Vyetnam lan
  - (2) laperèz doktrin McCarthy a te bay moun
  - (3) reyaksyon ki te fèt paske Inyon Sovyetik te voye Sputnik la
  - (4) rapò sou eskandal Watergate la

- 39 Desizyon Kou Siprèm Etazini a nan pwosè *Tinker* kont *Des Moines* ak *New York Times Co.* kont *United States* yo te baze sou entèpretasyon
- (1) sans fòm gouvènman repiblikan an
  - (2) pouvwa espesifik yo bay Kongrè a
  - (3) dwa prezidan an pou l genyen privilèj egzekitif
  - (4) dwa premye amannman an garanti

Baze repons ou pou kesyon 40 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Joe Heller, *Utica Observer-Dispatch*, 27 mas, 2001 (adapte)

- 40 Dapre desinatè a, Etazini genyen
- (1) yon popilasyon ki gen divèsite etnik
  - (2) yon politik imigrasyon ki gen twòp restriksyon
  - (3) yon egzijans nasyonal pou elèv lekòl segondè yo aprann lang etranje
  - (4) yon rapò resansman ki enprime nan lang yo pale nan Etazini yo

- 41 Youn nan responsabilite Sistèm Rezèv Federal la se pou
- (1) ekilibre bidjè federal la
  - (2) monte oswa bese taks sou lajan moun touche
  - (3) kontwole rezèv lajan an
  - (4) mete règleman sou mache bousye a

Baze repons ou pou kesyon 42 ak 43 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

**Patisipasyon nan Aktivite Atletik nan Lise yo**

Ane Eskolè	Jenn gason	Jenn fi
1971–72	3,666,917	294,015
2003–04	4,038,253	2,865,299

Sous: Federasyon Nasyonal Asosyasyon Lekòl Segondè nan Eta a (adapte)

- 42 Enfòmasyon ki ekri nan tablo a ta ka vle di depi 1971
- (1) jenn gason yo ap pèdi enterè pou patisipe nan aktivite atletik yo
  - (2) gen prèske menm kantite jenn gason ak jenn fi kap patisipe nan aktivite atletik yo
  - (3) jenn fi yo patisipe nan aktivite atletik yo nan menm kantite ak jenn gason yo
  - (4) kantite jenn fi kap patisipe nan aktivite atletik yo ap monte pi vit pase kantite jenn gason yo
- 43 Ki devlopman ki te konte pi plis kòm lakòz chanjman ki parèt nan tablo a?
- (1) lè yo te adopte Lwa sou Dwa Sivil (*Civil Rights Act*) 1964 la
  - (2) lè yo te mete Tit IX la nan Amannman sou Edikasyon 1972 la
  - (3) lè yo te koumanse pwogram *Head Start* yo pandan ane 1960 yo
  - (4) lè te vin gen plis lekòl ki pa piblik depi ane 1970 yo



Baze repons ou pou kesyon 44 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Mort Gerberg nan *Macroeconomics, Principles and Policies*, Dryden Press (adapte)

44 Desinatè a ap eseye ankouraje konsomatè ameriken yo pou yo kwè

- (1) Etazini achte plis nan men Japon pase Japon achte nan men Etazini
- (2) anpil fwa, oto ki fèt Etazini yo pa gen menm bon kalite ak oto ki fèt nan lòt peyi yo
- (3) lè yon moun achte yon oto, sa pa gen anpil konsekans nan kalkil balans komèsyal ak lòt peyi yo
- (4) revandè oto nan Etazini yo ta dwe ankouraje moun pi byen pou fè yo achte oto ki fèt nan Etazini


45 Depi 1980, pifò nan nouvo travay moun jwenn nan Etazini yo, se nan

- |                  |                    |
|------------------|--------------------|
| (1) edikasyon    | (3) sektè sèvis la |
| (2) endistri lou | (4) fonksyon sivil |

46 Nan Diskou Orevwa prezidan George Washington lan, ak nan Doktrin Monroe prezidan James Monroe a, ak nan sa moun ki te kont Lig Nasyon yo te di, tout te mande pou Etazini

- (1) chache pa antre nan konfli ki gen nan Ewòp
- (2) chache pa fè komès ak lòt peyi
- (3) refize bay peyi ki pa demokrasi yo rekonesans diplomatik
- (4) etabli kota imigrasyon pou redwi enfluyans etranje

Baze repons ou pou kesyon 47 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Mike Luckovich, *The Atlanta Constitution* (adapte)


47 Nan desen sa a, kisa ki pi enterese desinatè a?

- (1) Teknoloji yo bezwen pou fè gouvènman federal la mache koute twò chè.
- (2) Yo dwe pwoteje konsomatè yo kont reklam ki bay manti nan medya yo.
- (3) Teknoloji pèmèt sa pi fasil pou enfluyans lejislatè yo.
- (4) Gouvènman an pa kapab pwoteje konfidansyalite moun ki sèvi ak Entènèt yo.

48 Kisa ki te pase menm jan nan eleksyon 1876 la ak nan eleksyon 2000 la?

- (1) Kandida ki te genyen vòt popilè a te pèdi vòt elektoral la.
- (2) Kandida twazyèm pati a pat lakòz okenn diferans nan rezilta yo.
- (3) Se Kongrè ki te deside rezilta eleksyon an.
- (4) Se Kou Siprèm lan ki te deside ki kandida ki pase.

Baze repons ou pou kesyon 49 ak 50 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: U.S. Census Bureau, *Statistical Abstract of the United States* (adapte)

49 Ki enferans ou kapab fè dapre tandans nan popilasyon ki parèt nan grafik la?

- (1) Nan ane 1980 yo, yo te bezwen plis nouvo lekòl pase nan koumanman ane 1960 yo.
- (2) Nan ane 1970 yo, te gen plis migrasyon ki te fèt nan direksyon nòdès.
- (3) Nan ane 1980 yo, yo te rekonèt kantite moun ki te fèt nan jenerasyon bebiboum lan kòm yon menas pou avni moun ki touche Sekirite Sosyal yo.
- (4) Nan ane 1990 yo, pwopòsyon moun ki mouri yo te vin pi wo.

50 Enfòmasyon ki nan grafik la montre pwopòsyon nesans lan te rive nan pi wo nivo a an

- (1) 1940
- (2) 1947
- (3) 1957
- (4) 1970

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè wap devlope repons ou pou Dezyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) evalye vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”

### Dezyèm Pati

## KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

### Tèm: Politik Etranjè

Depi 1900, aksyon Etazini nan politik etranjè te baze anpil fwa sou enterè nasyonal Etazini. Aksyon sa yo te pote konsekans ki parèt touswit, ak konsekans ki parèt lontan apre.

### Objektif Travay la:

Idantifye **de (2)** aksyon enpòtan nan politik etranjè Etazini **depi 1900**, epi pou **chak** aksyon

- Pale sou sikonstans istorik ki te pase lè aksyon an
- Pale sou *yon* konsekans aksyon an ki parèt touswit, oswa *yon* konsekans ki parèt apre lontan
- Evalye nan ki pwen aksyon sa a te sèvi enterè peyi a

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki aksyon enpòtan nan politik etranjè depi 1900, nan sa ou te etidye sou istwa Etazini. Men kèk konsèy ou ta kapab swiv pou sa: Kowolè Theodore Roosevelt pou Doktrin Monroe a (1904), Katòz Pwen Woodrow Wilson yo (1918), Lwa sou Prete ak Afèmen an (1941), Plan Marshall la (1947), blokis Kiba a (1962), Akò nan Negosyasyon pou Limitasyon Zam Estratejik yo (SALT), epi Lagè Gòlf Pèsik la (1991).

**Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.**

### Direktiv:

#### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Devlope tout aspè nan objektif travay la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan.

Lè wap devlope repons ou pou Twazyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

### Twazyèm Pati

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo. Kesyon an la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon an. Lè wap analize dokiman yo, konsidere sous kote chak dokiman soti a ak ki pwennvi ki parèt nan dokiman an.

### Kontèks Istorik:

Pandan dènye ane 1800 yo ak premye ane 1900 yo, refòmasyon Pwogresis yo te travay pou amelyorasyon sosyete a nan Etazini. Nan pami objektif yo, te genyen **pwoteksyon konsomatè, regilasyon travay timoun, amelyorasyon kondisyon travay**, epi **gaye demokrasi**.

### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Seksyon A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Seksyon B a, kote yo pral mande w:

- |  |
|--|
| <p>Chwazi <b><i>twa</i></b> nan objektif ki nonmen nan kontèks istorik la, epi pou <b><i>chak</i></b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Pale sou kondisyon ki te fè refòmasyon Pwogresis yo travay sou objektif la</li><li>• Pale nan ki pwennvi yo te rive reyalize objektif la</li></ul> |
|--|

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

. . . Te genyen mesye ki te nan pyès kote yo sale vyann yo, pa egzanp, kote vye Antanas te jwenn lanmò l; pa gen anpil nan mesye sa yo ki pat gen yon mak malè sou kò l. Si yon nonm te kòche dwèt li sèlman pandan lap pouse yon charyo nan pyès kote yo sale vyann yo, sa te ka ba l yon maling ki ta kapab touye l [lakòz lanmò l]; asid la ta kapab manje chak jwenti nan dwèt li, youn pa youn. Nan pami bouche yo ak asistan ouvriye yo, nan moun ki retire ak netwaye zo nan katye bèf yo, ansanm ak tout moun ki te sèvi ak kouto yo, li te difisil pou jwenn yon moun ki te kapab sèvi ak gwo pous li; plizyè fwa, baz pous la te koupe, jouktan li te tounen yon moso vyann moun lan te oblije peze ak yon kouto pou anpeche l tonbe. Men moun sa yo te tèlman gen mak koupe ladan yo, ou pa ta kapab eseye konte yo ni swiv yo. Yo pat gen zong ankò, –zong yo te fin kase nan kòche bèt; zo nan nesans dwèt yo te tèlman anfle, sa te fè dwèt yo rete ouvri tankou yon evantay. Te gen mesye ki travay nan kwizin yo, nan mitan vapè ak move odè ki te ka fè moun malad, anba limyè atifisyèl; nan pyès sa yo, mikwòb maladi pwatrinè yo te kapab rete viv jouk de (2) zan, men chak èdtan te gen plis mikwòb toujou ki te antre. Te gen moun ki charye vyann bèf yo, ki te konn pote katye ki peze de san (200) liv pou mete nan kamyon ki gen frijidè yo, sa ki te yon travay di anpil ki te koumanse depi katrè dimaten epi ki te fini ak kouraj gason ki pi vanyan yo anvan anpil tan pase. . . .

Sous: Upton Sinclair, *The Jungle*, 1906

1. Dapre dokiman sa a, di **de (2)** konsekans move kondisyon travay yo te genyen nan izin sa a. [2]

(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Nòt

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Nòt

## Dokiman 2

. . . Nan yon semenn sèlman, eskandal piblik la fè moun mache ranmase 25 000 kopi *The Jungle* la. Prèske tout nan lektè sa yo pat konprann mesaj sosyalis la. Sa Sinclair te vle fè, se montre lektè yo “nan ki kondisyon malere sa yo [travayè] te rive jwenn lavi yo.” Men sèlman, reyaksyon piblik la te konsantre pito sou revelasyon sou koripsyon enspektè federal pou vyann yo, sou labatwa ki te manke pwòpte yo, sou vyann bèf ki te fè moun pwatrinè yo, ak sou abitud travay san koutya [malonèt] moun ki trete vyann yo.

Youn nan lektè ki te pran pi gwo chòk yo se te prezidan Theodore Roosevelt. Pa gen anpil politisyen ki te konn anpil enfòmasyon tankou TR, ki te konn li liv ak yon vitès 1 500 mo pa minit, ki te pibliye dokiman sou istwa, epi ki te kenbe yon korespondans regilye ak gwo pèsonalite nan komès, nan lekòl, ak nan zafè piblik. Roosevelt wè touswit piblik la ta vle pou gen otorite gouvènman—kit se otorite lokal, kit se Eta a, kit se gouvènman federal la—ki fè yon pase men sou endistri vyann lan. Li envite Sinclair fè yon chita pale nan Mezon Blanch lan, epi menm si li pat okipe “konviksyon patetik” ekriyen an nan sosyalis, li te pwomèt li “pwoblèm espesifik ou pale yo, si nou jwenn prèv se laverite, epi si sa antre nan pouvwa mwen genyen, pwoblèm sa yo pral disparèt [eliminè].”

Roosevelt kenbe pwomès li. Avèk asistans patizan l nan Kongrè a, li pat pèdi tan pou l parèt ak yon nouvo pwojè lwa, ansanm ak gwo baton pwovèbyal [moun te konnen byen] li a. Apre kat mwa sèlman, nan dat 30 jen, li te siyen yon Lwa sou Enspeksyon Vyann ki te defann moun ki trete vyann yo sèvi ak tenti ki pa bon pou sante, oswa ak ajan prezèvasyon, oswa ak pwodwi falsifikasyon. Pwojè lwa a te prevwa 3 milyon dola pou mete kanpe yon nouvo sistèm enspeksyon pi efikas, kote enspektè gouvènman yo ta pral kapab travay lajounen kòm nan nwit pou anpeche vyann bèt ki pa bon yo pase. Albert Beveridge, ki te senatè Indiana, epi ki te yon patizan pwogresis Roosevelt te genyen nan Kongrè, te bay prezidan an kredi pou nouvo pwojè lwa a. Li te deklare bay jounalis: “Se limenm ki moun prensipal ki pral ede nou genyen pi bon lwa nou ta kapab rive genyen an.” Apre sa, Ameriken yo ta pral kapab mete vyann konsèk ak sosis sou tab manje yo ankò, epi manje ak kè kontan pou tout tan. Omwens, se sa moun te konprann. . . .

Sous: James Davidson ak Mark Lytle, *After the Fact: The Art of Historical Detection*, McGraw-Hill

2 Dapre dokiman sa a, ki aksyon prezidan Theodore Roosevelt te pran pou kenbe pwomès li te fè Upton Sinclair la? [1]

Nòt

### Dokiman 3a

. . . Pandan menm sezon ivè a, twa ti gason ki te nan yon klib Hull-House te blese nan yon machin nan yon faktori tou pre, paske te manke yon pwoteksyon ki ta koute sèlman kèk dola pou yo mete. Lè youn nan ti gason sa yo te mouri paske li te blese a, nou te fin konprann nèt pwopriyetè izin sa a te pran yon gwo chòk menm jan avèk nou, epi yo ta pral gen ase remò pou yo fè tout sa yo kapab pou anpeche yon trajedi konsa rive ankò. Nou te byen sezi wè yo pa fè anyen, epi se lè sa a mwen wè pou premye fwa dokiman patetik paran timoun ki te travay nan izin yo te siyen, pou di yo pat gen lide fè okenn reklamasyon kont domaj ki te soti nan “neglijans” sa yo.

Lè nou te ale nan katye a, nou te toujou wè fanm kap fè kouti nan ti atelye kraze kouraj, epi gen anpil fwa yo te gen timoun tou piti kap ede yo. Mwen sonje yon ti fi katran ki tap pase plizyè èdtan ap defofile rad, ki te chita sou yon ti chèz nan pye yon manman Bowemyen, yon ti gwoup moun ki nan mizè. Menm pou yon ka konsa, pat gen remèd devan lalwa [reparasyon], paske sèl lwa ki te genyen nan Illinois sou travay timoun, ki te prevwa mwayen pou yo aplike l, se yon lwa sendika travayè nan min yo te [rive] fè pase, men lwa sa a te sèlman pou timoun ki travay nan min. . . .

Lè sa a pat gen enfòmasyon estatistik sou kondisyon nan endistri Chicago yo, epi Madan Florence Kelley, ki te yon ansyen rezidan nan Hull-House, te konseye Biwo Travay nan Eta Illinois la fè yon ankèt sou sistèm [ti atelye] kraze kouraj nan Chicago yo, kote yo te [konn fè] timoun travay. Chèf Biwo a swiv konsèy sa a, epi li bay Madan Kelly fè ankèt la. Lè yo remèt rapò a bay Palman Illinois la, li fòme yon komite espesyal pou gade kondisyon Chicago yo. Mwen sonje byen lè, nan dimanch, manm komisyon an vin manje nan Hull-House, nou te gen anpil espwa, paske nou te kwè omwens kèk nan pi move pwoblèm ki te genyen nan katye nou yo ta pral fini. . . .

Sous: Jane Addams, *Twenty Years at Hull-House with Autobiographical Notes*, MacMillan, 1912

3a Nan dokiman sa a, idantifye **youn** nan pwoblèm sosyal Jane Addams te vle wè yo refòme yo. [1]

Nòt

### Dokiman 3b

#### Premye Lwa sou Izin nan Illinois

##### IZIN AK ATELYE

. . . 4. Timoun ki poko gen 14 an pa gen dwa travay nan okenn etablisman fabrikasyon, ni nan izin, ni nan atelye nan Eta a. Yo dwe kenbe yon rejis pou timoun ki poko gen 16 an yo. Yo pa gen dwa fè timoun ki gen ant 14 ak 16 an yo travay, sòf si gen yon afidavit paran oswa moun ki responsab timoun lan siyen, ki di laj timoun lan, epi dat ak kote li fèt. Enspektè yo gen dwa mande yon sètifika sou sante fizik. . . .

Sous: “Factories and Workshops,” *Lwa nan Eta Illinois*, Trant Wityèm Asanble Jeneral, 1893

b Dapre dokiman sa a, di **youn** nan dispozisyon ki te nan Lwa Illinois sou izin lan. [1]

Nòt

## Dokiman 4

Aksyon Eta a Pran sou Kondisyon Travay yo	
1911	Rekòmandasyon Komisyon Illinois sou Maladi Pwofesyonèl (1909) la te lakòz yo adopte Lwa Illinois sou Maladi Pwofesyonèl la (vantilasyon, sanitasyon, fwit gaz, tanperati)
1911	Wisconsin te premye Eta ki adopte lwa sou dedomajman pou travayè
1911	Palman Wisconsin lan limite kantite èdtan yo ka fè fanm ak timoun travay
1911–1915	Kòm rezilta ki te soti nan rekòmandasyon Komisyon Ankèt sou Izin nan Eta New York la, gen yon douzèn nouvo lwa yo te adopte pou fè kondisyon travay nan izin yo bay mwens pwoblèm sante epi gen mwens danje, sa ki te yon “laj dore nan lejislasyon ki ranje kondisyon nan izin yo”
1912	Komisyon Ankèt sou Izin nan Eta New York la egzije pou yo mete awozwa otomatik nan plafon tout etaj ki pi wo pase setyèm etaj nan bilding yo; epi li elaji regilasyon ak enspeksyon pou sekirite nan kote moun travay (ouvèti pou moun chape pou dife, tiyo gaz ki san danje, reseptak ki pa pran dife, wout pou chape, egzèsis kouri pou dife)
1912	Massachusetts adopte premye lwa pou salè minimòm nan yon Eta
1913	Oregon adopte yon lwa ki egzije yo peye travayè pou lè sipleman tè nan moulen ak nan izin yo (pou travay plis pase 10 èdtan nan yon jounen)

4 Dapre dokiman sa a, idantifye **de (2)** egzanp ki montre kouman yon aksyon Eta a te pote amelyorasyon nan kondisyon travay yo. [2]

(1) \_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_ Nòt

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Nòt



## Dokiman 5



Sous: Biwo Resansman Etazini  
(adapte)

5 Dapre grafik sa a, ki chanjman ki te fèt nan jan yo te fè timoun travay ant 1900 ak 1920? [1]


---

---

Nòt

## Dokiman 6a

### Patwon Senatè yo



Sous: Joseph J. Keppler, *Puck*, 1889, (adapte)

## Dokiman 6b

... Sena Etazini a pral genyen de (2) senatè pou chak Eta, pou moun ki rete nan Eta sa yo chwazi nan eleksyon pou 6 an; epi chak senatè pral genyen yon vòt. Elektè nan chak Eta yo dwe gen kalifikasyon yo mande pou elektè nan branch lejislatif Eta ki genyen plis moun yo. . . .

— 17yèm Amanman, Seksyon 1, 1913

6 Di *yon* jan 17yèm amanman an pale sou pwoblèm yo montre nan desen sa a. [1]

Nòt

## Dokiman 7

. . . An verite, jan demokrasi fondamantal la devlope nan peyi sa a, se yon bagay ki fè moun sezi. Gen trant an, politisyen pwofesyonèl yo te fè moun konprann bilten sekrè a se yon pakèt afè. Gen vent an, se te yon kesyon vital nan prèske tout Eta ameriken yo. Jodi a, bilten sekrè a inivèsèl nan politik Etazini. Gen dis ane, yon jenn gason nan Wisconsin ki rele La Follette te prezante eleksyon primè dirèk kòm sijè pou diskisyon akademik nan Inivèsite Michigan. Kounye a, li anvigè nan plis pase de tyè nan Eta nan peyi nou an, epi plis pase mwaye pèp ameriken an sèvi ak eleksyon primè dirèk yo tankou yon zam pou gouvènèn tèt yo. Gen senk an, lwa sou rapèl la te parèt tankou yon lide ki etranj nan Oregon. Jodi a, gen plis sitwayen ameriken kap viv anba lwa ki ba yo pouvwa pou fè rapèl pase kantite sitwayen ki tap viv anba lwa sou bilten sekrè a lè [prezidan] Garfield te antre nan Mezon Blanch lan, epi gen plis moun anpil ki gen pouvwa rapèl kont ofisyèl yo jodi a pase te gen moun ki te kapab sèvi ak eleksyon primè dirèk pou nonmen kandida pou pati yo lè [prezidan] Theodore Roosevelt te vini Washington. Referandòm rive sèlman senk an apre primè yo. [Si yon moun sèvi ak enfòmasyon sa yo pou fè yon prediksyon, se pa yon moun kap voye pawòl monte sèlman.] . . .

Sous: William Allen White, *The Old Order Changeth*, Macmillan, 1910

7 Dapre William Allen White, kisa ki **de (2)** refòm Pwogresis yo te sipòte pou elaji demokrasi? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Nòt

## Dokiman 8

. . . Fanm reprezante mwatye moun ki genyen sou latè. Pandan karant an ki fenk pase yo, gen yon ogmantasyon pwogresif ki rive nan kantite fanm ki te oblije kite lakay yo pou ale travay nan izin ak nan atelye. Gen plis pase sèt milyon fanm ki nan travay sa yo, epi anpil nan lòt fanm yo ap travay nan sèvis pou okipe kay. Gen mwatye nan travay yo, se fanm kap fè yo. Gen yon etid serye sou kesyon sa a ki montre yon bagay vital: fanm kap travay yo touche mwens pou fè menm travay ak gason yo, epi salè ki pi piti ansanm ak kondisyon travay ki pi di yo enpoze fanm yo, se paske fanm yo pa ka vote. . . .

Gen yon bèl doktrin nan Repiblik Ameriken an ki di “*tout gouvènman kapab lejitim sèlman si moun li gouvènen yo konsanti*”. Doktrin sa a soutni reklamasyon mwatye sitwayen yo, ki se fanm yo, ki mande dwa pou yo vote. Doktrin Lagè Revolisyonè Ameriken an, ki di moun pa dwe oblije peye taks san yo pa reprezante [sa entolerab], soutni fanm yo pou rekonèt yo gen dwa vote. Gen yon gwo avantaj, si fanm yo gen dwa vote. Sa pral mete yo nan yon pozisyon ki pèmèt yo gen plis onè ak diyite, pou timoun nan peyi a kapab gen plis reverans ak respè pou manman yo, epi manman yo pral kapab montre pitit yo prensip elemantè ki dwe genyen nan yon bon gouvènman, an menm tan yap montre yo bèl mannyè, ansanm ak moralite epi relijyon. . . .

Sous: Diskou Senatè Robert Owen, 1910

8 Dapre dokiman sa a, di **de (2)** rezon pou bay fanm yo dwa vote. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Nòt

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Pandan dènye ane 1800 yo ak premye ane 1900 yo, refòmasyon Pwogresis yo te travay pou amelyorasyon sosyete a nan Etazini. Nan pami objektif yo, te genyen **pwoteksyon konsomatè, regilasyon travay timoun, amelyorasyon kondisyon travay**, epi gaye **demokrasi**.

#### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

Chwazi **two** nan objektif ki nonmen nan kontèks istorik la, epi pou **chak**

- Diskite kondisyon ki te fè refòmasyon Pwogresis yo travay sou objektif la
- Diskite nan ki pwen yo te rive reyalize objektif la

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Devlope tout aspè nan objektif travay la
- Enkòpore enfòmasyon ki soti nan omwens **senk** dokiman
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan.



# IŞTWA AK GOUVENMAN ETAZINI

Jedi, 27 janvyè 2005 — 1:15 apre midi pou 4:15 apre midi, sèlman

## FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la ..... G/F:  Fi

Non Pwofesè a .....

Non Lekòl la .....

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

### FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score  
(obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

